



EVÈNMAN LAKOU KONSÈY AK RESOUS

Itilizasyon lokal

Òganize yon fèt nan yon lakou **pou yon frè** ka debouche sou avi vyolasyon ak/oswa amand pou itilizasyon inapwopriye espas rezidansyèl ou. Anplis de sa, Depatman Vil la tankou Polis Boston, Ponpye Boston ak/oswa Sèvis Enspeksyon gendwa kanpe evènman w lan.

Si w ap anvizaje òganize yon evènman epi w genyen kesyon sou itilizasyon apwopriye pwopriyete w la, tanpri rele Sèvis Enspeksyon nan 617-635-5300 oswa voye yon imèl nan isd@boston.gov pou plis enfòmasyon.

Tant

Drese tant nan lakou w gendwa egzije pou w gen yon pèmi tou depan de gwosè yo. Ou ka jwenn enfòmasyon anplis la a: [Egzijans ak Pwosesis Biznis pou Obtansyon Pèmi yon Tant](#)

Pou w kapab ajoute kèk eleman ekstèn sou tè w (tankou yon garaj, teras, pisin, ovan, elatriye.) yon pwopriyete kay gendwa oblije gen yon pèmi. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite [Kijan pou w jwenn yon pèmi pou itilize lokal ou | Boston.gov](#)

Manje/Bwason pou vann

Tout evènman espesyal andedan vil la dwe pase nan Biwo Evènman Espesyal nan Meri a pou jwenn lisans apwobasyon apwopriye nan men Depatman Vil la. Vann manje TCS (manje perisab, vyann, poul, diri, elatriye.) ak bwason ke yo prepare nan kay rezidansyèl pa otorize. Kòm altènatif, rezidan yo gendwa:

1. Kontakte yon biznis sèvis tretè lisansye pou prepare manje a epi livre li nan yon restoran lisansye.
2. Kontakte yon kamyon manje lisansye pou livre manje nan lokal evènman w lan.

Manje pre-anbale komèsyalman ki pa TCS (manje ki pa perisab) pa mande Pèmi Sante. Vyolasyon sa yo ka debouche sou lòt aksyon administratif. Pou aprann plis sou règlemantasyon sèvis ak kòd nou yo, tanpri vizite [Divizyon Sante | Boston.gov](#).

Plent pou bri

Òdonans bri Vil Boston rann li ilegal pou twouble lapè nan kite bri depase limit. Sous la gendwa soti nan bagay tankou anplifikatè, enstriman oswa bri jeneral ki soti nan rasanbleman ekstèn. Tanpri montre respè pou vwazen w pandan w ap òganize rasanbleman andedan ak deyò lakay ou. **Kòd Vil la mande pou kanpe bri soti 11è PM rive 7è AM.** Bri a ta dwe nan yon nivo akseptab pandan lè òdonans lan otorize li.

Si w genyen rezon pou w kw138 genyen vyolasyon òdonans bri, tranpri itilize sèvis vil ki annapre a pou depoze yon plent:

Rele 311 (617-635-4500) - yo pral ajoute plent lan nan sistèm nan pou fè swivi. Yo gendwa siyale plizyè plent pwopriyete pou [Gwoup Travay Pwopriyete Pwoblèm](#) nou an.

Rele 911 - Nan kèk ka, bri a gendwa tèlman depase ke w pral bezwen rele Depatman Polis Boston (BPD). Tanpri sonje ke nan anpil ka, BPD gendwa reponn sityasyon sekirite lavi epi w gendwa pa jwenn yon repons imedyat pou plent bri a. Rete asire ke lè volim apèl ak repons pou ijans bese, BPD pral mennen envestigasyon sou plent bri a.